# Сценарий «День Чеченской Женщины» для старшей группы




**Д1ахьошверг:**
Маршала ду, шуьга хьоме наной, лераме йижарий!
Тахана вай гулделла нохчийн зудчуьн деза де билгалдаккха.
Нохчийн зуда – нохчийн нана, нохчий йиша, нохчийн йо1.
Уггаре довха дешнаш тахана шуна ала лаьа. Дехийла шу ирсе хилла!
Дала декъал дойла шу!
Мы сегодня собрались здесь, чтобы отметить самый замечательный праздник прекрасной половины человечества проживающей в Чеченской Республике « День Чеченской Женщины»
День чеченской женщины — ежегодный праздник, отмечаемый в Чеченской Республике в третье воскресенье сентября. В 2009 году отмечался впервые. Праздник основан в память о 46 чеченских девушках, погибших во время Кавказской войны. В сентябре 1819 года войска генерала Ермолова сожгли чеченское село Дади-Юрт; захваченные в плен 46 девушек во главе с Дадин Айбикой при переправе через Терек бросились в реку, не захотев, «чтобы их касались руки тех, кто повинен в убийстве отцов, матерей, братьев, сестёр, повинен в сожжении родного села».

**Просмотр документального фильма «Чеченская женщина»**

**Д1ахьошверг:**
Нохчийн йо1 иман долуш, тешаме, духарца – леларца оьзда, эхь – бехке, г1иллакхе, эсала, къинхетаме, комаьрша, собаре, доьналле, экаме, хьекъале, яхье, беркате, дог ц1ена хир ю. Дашна мерза, куьйгана-говза, дагна—ц1ена. олуш кица ду нохчийн. Жималла даим ца льтта. Ткъа йо1, зуда мел къанелча а цкъа а д1аер йоцуш, даим а цуьнца юьсуш йолу хазна - оьздангалла ю!

**Исполняется песня «Гимн Чеченской женщине»**







**1-г1а:**
Есть женщины – герои, есть принцессы,
Есть королевы и царевны есть.
Какие только не терпели стрессы-
Они хранили мужество и честь!
**2-г1а:**
Они не покорялись, не сдавались,
Мужчин своих ценили до конца,
Быть верными во всём они старались
И уважали строгого отца.

**3-г1а:**
Традиции семьи для них – святое!
Обычай предков – вот для них закон!
У них на всё решение простое –
Аллаху и Отчизне свой поклон!
**4-г1а:**
Открою вам секрет – она чеченка,
И героиня, и, конечно, мать…
Прекраснейшая в мире мусульманка,
Могла и другом и подругой стать.
**5-г1а:**
Ни перед чем её не остановишь –
Она в огонь пойдет и примет ад!
И если от души её полюбишь –
От жизни с ней ты только будешь рад!
**6-г1а:**
Всевышней пусть чеченке помогает,
Пусть сбережёт её от всяких бед.
Она – герой! Она всегда страдает,
И равных ей на белом свете нет!

**Песня в исполнении сотрудниц детского сада «Люблю я танец твой, Горянка!»**



**Д1ахьошверг:**
Нана! Нохчийн Нана! Хьан довха б1аьргаш. Хебарша кхелина бос хаза юьхь-сибат а лепа гуш даьхнаа хьа лерина нохчийн г1иллакх-оьздангалла, дега, халкъе, Даймахке болу безам-марзо дегнех юлуьйтуш кхиийна долу хьан бераш. Нана боху дош иза дуьненахь уггаре бакъ дош ду. Иза беран угаре хьалх ала дош ду. Иза стага Далла дуьхьала ша воьдучу хенахь шена хьалхадоккху дош ду, х1унд аьлча, и дош Далла а деза лоруш хиларна.

**7-г1а:**
Тахана ас декъалйо хьомсара нана,
Могашалла, ирс-аьтто хуьлийла хьан!
Елалой, самукъне схьахьажа эсала,
Лорур вай тахана хьан деза де.

**8-г1а:**
Иллешкахь хестошерг хьо ю-кха, нана,
Хьан б1аьргаш чохь лепа маьлхан з1аьнарш.
Дуьненан 1аламан хьан дагчохь ду, нана,
Тхан дегнаш зезагех кхоьллина ахь.

**9-г1а:**
Сан нана, сан нана, декъалахь ойойла,
Г1ел цалуш дахарехь хьо йоккха йойла!
Вай лоручу маьждигахс амукъа долуш,
Цу Далла хастам беш хьо тхуна гойла!

**Д1ахьошверг:**
Хийла йоккха стаг шен нана яцахь а, лору и шен нана санна. Цуьнан къоьжа месаш гича, т1е а вахна, царна т1ехула дайн куьг хьакха дог дог1у. Дерриге дуьне а цу къоьжаллин 1индаг1ехь ойла еш долуш санна хетало. Цунах хьерчаш кхоллало х1ора сирла, ц1ена ойла. Нана дийна мел ю, мел воккха ша хиларх стагана ша бер хетало. Ненах дагаваьлча, дуккха а, дика а, хаза а ойланаш кхоллало, кийрахь бала белахь, иза байло, сингаттам бов.

**Песня «Хьоме Нана».**

**Д1ахьошверг:**
Шен синан ц1еналлица дегнаш ц1ена латто хууш, уьш зезагех тардан хууш яьхна, яхя а еха нохчийн нана. Шен оьздангалла гайтарца оьзда а, г1иллакхе а кхиош шен бераш, царна ворх1е ден ц1ерш лararца дагахь латто езаш хилар хьоьхуш. Варийлаш, шайн дай муьлаш хила хаалаш. Уьш наха ц1ерш йохуш, лоруш хиллийла хаалаш, юьхь1аьржонах ларлолаш бохуш, яьхна и, яхя а еха. Нена коьрта лаам – шен бераш маьрша, ирсе дахар бара. Ирс, шена дакъаца деш, царна дерриг д1адала лиъна. Цунах кхеташ хила нохчийн мехкарий, кегий нах.

**10–г1а:**
Олу нанас соьга: «Хилалахь оьзда,
Г1иллакх хьайца долуш
Воккханиг лоруш,
Жиманиг хьостуш,
Диканна дуьхьал –
Дикане сацатуьйсуш…
Нийсонца, ларамца
Вахалахь, хьомениг!»
**Д1ахьошверг:**
Даим сийлахь а, еза а ю нохчийн къоман зуда. Иллешкахь хестийна цуьнан г1иллакх-оьздаггалла .
**11-г1а:**
Нана, сунна еза хьо.
Хьоьх мел доьзнарг дерриге
Сан даго хьо хаьржина,
Хьо-м массарел хьоме ю.
**12-г1а:**
Малх схьакхеташ, доьху ас,
И чубузуш, доьху ас:
Хьоме нана хьсталахь,
Йовхо цуьнца йиталахь.
**13-г1а:**
Дуьненчохь угаре юххера суна,
Хьомсара хеташерг сайн нана ю,
Сайн безам шорта бу, кийра цатарлуш,
Малх санна, къегина юьхь-сибат ду.
**14-г1а:**
Де дийне мел дели, д1аэхарх денош,
Шо шаре мел дели, д1аэхарх шераш,
И сунна лаьттар ю даима къона,
Къаналлин мох цунна болийла гена.
**15-г1а:**
Хьомсарчу сан ненан къамелду мерза,
Сан ненан ойланаш хаза ма ю!
Дахаро шен вола цунна цагойтуш,
Ирсаца, безамца ехийла и.
**Д1ахьошверг:**
Нохчийн йо1 – турпала Нана! Ахь кхиийна Даймехкан турпала к1ентий. Хьо еха хьайн дега лазам деган к1орге биллина, б1аьргех 1ена хиш к1айлаха д1адохуш, елар а, къажар а дайна, дуьненан самукъа доцуш.
Дерриг диканиг ду, дуьненахь туьйра санна йийцина нохчийн зудчун оьздангалла. Цуьнан хьуьнар, доьналла бахьанехь хийлаза мацалех,

къизаллин балех ларделира вайн къам. Оьздачу йо1ана хаа деза доллучу дуьненчохь нохчийн цхьанна а атта ца хетий.
Дуьненан муьлххачу маь11ехь ехаш хиларх, нохчийн йо1 кхечу къаьмнийн векалех къастош ерш вай тахана карла яьхна билгалонаш ю.
И дерриге хьайца долуш хьо еха дела, нохчийн йо1 цецдолу хьох дерриг дуьне.

**Девичий танец в исполнении девочек**



**Д1ахьошверг:**
Дерриг диканиг ду, дуьненахь туьйра санна йийцина нохчийн зудчун оьздангалла. Цуьнан хьуьнар, доьналла бахьанехь хийлаза мацалех, къизаллин балех ларделира вайн къам. Оьздачу йо1ана хаа деза доллучу дуьненчохь нохчийн цхьанна а атта ца хетий.
Дуьненан муьлххачу маь11ехь ехаш хиларх, нохчийн йо1 кхечу къаьмнийн векалех къастош ерш вай тахана карла яьхна билгалонаш ю.
И дерриге хьайца долуш хьо еха дела, нохчийн йо1 цецдолу хьох дерриг дуьне.

Таханлера вайн цхьанакхетар чекх дала герга дахана , маьрша, къегина, ирсе дог1ийла шун дахарехь х1ора де.
Иманехь, беркатехь дала сов дохийла шу

Дорогие женщины!
Примите самые теплые и искренние поздравления в честь празднования Дня чеченской женщины! От всей души желаем Вам счастья, добра и благополучия.
Пусть Ваша жизнь будет всегда наполнена теплотой, любовью, уважением и поддержкой родных и близких! Крепкого Вам здоровья и удачи!